

*Avi sa dekri kòman enfòmasyon medikal sou ou yo kapab itilize ak divilge epi kòman ou kapab jwenn aksè ak enfòmasyon as a. Tanpri egzamine li avèk atansyon.*

Mo “nou” an nan Avi pou Pratik Konfidansyalite sa a fè referans ak Boston Medical Center Health System (Sistèm Sante Sant Medikal Boston) ki genyen ladan li Boston Medical Center, Cornerstone Health Solutions, Faculty Practice Foundation, Inc. d/b/a Boston University Medical Group Physician Practices, Boston University Affiliated Physicians, Inc., avèk moun ak òganizasyon ki swiv yo:

- Tout pwofesyonèl swen sante ki otorize pou antre enfòmasyon nan dosye lopital ou.
- Tout founisè swen sante ki se yon manm nan pèsònèl Medikal BMC ak Dantè yo.
- Tout manm pèsònèl BMC, ki enkli anplwaye yo, pèsònèl yo, volontè yo ak tout pèsònèl lopital yo.

Avi sa a pa aplikab pou manm yo nan Plan Sante pou Manm Pèsònèl Boston Medical Center HealthNet yo. Tanpri refere w sou sitwèb [www.bmchp.org](http://www.bmchp.org) pou jwenn Avi pou Pratik Konfidansyalite yo ki aplikab pou Plan sante Boston Medical Center HealthNet.

**Dwa  
Ou Yo**

**Nan sa ki genyen rapò avèk enfòmasyon sou sante ou yo, ou genyen sèten dwa.**  
Seksyon sa a eksplike dwa w yo avèk kèk nan responsablite nou yo pou ede ou.

**Jwenn yon  
elektwonik oswa  
kopi an papyè dosye  
medikal**

- Ou kapab mande pou w jwenn yon kopi dosye medikal ou nan fòm elektwonik oswa an papyè ak lòt enfòmasyon medikal nou genyen sou ou. Mande nou kijan pou fè sa lè w kontakte nou apati enfòmasyon ki nan dènye paj la.
- N ap voye yon kopi oswa rezime enfòmasyon sou sante w, òdinèman nan espas 30 jou apre demann lan. Nou ka chaje yon frè jan eta a pèmèt li a.

**Mande nou pou  
korije dosye  
medikal ou**

- Ou kapab mande nou pou korije enfòmasyon sou sante konsènan sa w panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa lè w kontakte nou apati enfòmasyon ki nan dènye paj la.
- Nou kapab di “non” ak demann ou a, men n ap di w pou kisa alekri nan espas 60 jou.

**Demann  
konfidansyèl nan  
kominikasyon yo**

- Ou kapab mande nou pou kontakte ou nan yon fason ki espesifik. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou kontakte w nan telefòn lakay ou oswa nan biwo w, oswa mande nou pou voye imèl nan yon adrès diferan.
- N ap di “wi” pou tout demann ki rezonab yo.

**Fè yon lòt moun  
egzèse dwa sa yo lè  
w pa kapab**

- Si w pa kapab pran desizyon sou sante w pou kont ou, moun nan k ap pran desizyon an pou ou sou swen sante (tankou ajan swen sante) kapab egzèse dwa w yo epi pran desizyon konsènan enfòmasyon sou sante w.

---

**Mande nou pou limite sa nou itilize oswa pataje**

- Ou kapab mande pou nou **pa** itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante pou tretman, pèman oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije dakò avèk demann ou an epi nou gen dwa pou di "non" si sa ta ka afekte swen w.
- Si w peye pou yon sèvis oswa pou yon atik swen sante w avèk pwòp lajan pa w okonplè, ou ka mande pou nou pa pataje enfòmasyon sa a akòz objektif pèman an oswa poutèt operasyon nou yo avèk asirans sante w. N ap di "wi" sof si gen yon lwa ki oblije nou pou pataje enfòmasyon sa a.

---

**Jwenn yon lis sila yo nou nou te pataje enfòmasyon avèk yo a**

- Ou kapab mande pou yo ba w yon lis (kontablite) pou di konbyen fwa nou te pataje enfòmasyon sante w nan dènye 6 ane anvan dat ou mande a. Nou pral ba ou avèk kilès nou te pataje yo epi pou kisa.
- Nou pral enkli tout divilgasyon yo sof sa ki sou tretman, pèman, avèk operasyon swen sante yo avèk sèten lòt divilgasyon yo (tankou nenpòt sa w mande nou pou fè). Nou pral bay yon sèl ane kontablite gratis, men pral chaje yon frè rezonab, baze sou depans, si w mande yon lòt nan espas 12 mwa.

---

**Jwenn yo kopi nan Avi sou konfidansyalite sa**

- Ou kapab mande pou yon kopi enprime Avi sa a nenpòt kilè, menmsi w te dakò pou resevwa Avi a nan fòm elektwonik. N ap ba ou yon kopi enprime byen rapid.

---

**Pou pote yon plent si w santi dwa w yo te vyole**

- Ou kapab pote plent si w santi nou te vyole dwa w yo lè w kontakte nou apati enfòmasyon anba yo.
- Ou kapab pote yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) lè w voye yon lèt bay Services Office of Civil Rights (Biwo Sèvis Dwa Sivil) nan 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F HHH Bldg., Washington D.C. 20201, lè w rele nimewo 1-877-696-7775, oswa lè w vizite sitwèb <http://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html>.
- Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou pote yon plent.

---



**Chwa  
Ou Yo**

**Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou kapab di nou chwa w yo sou kisa pou nou pataje.** Si w genyen yon preferans aklè sou kijan pou nou pataje enfòmasyon w yo nan sitiyasyon ki dekri anba a yo, pale avèk nou. Di nou kisa ou vle nou fè, epi nou pral swiv enstriksyon w yo.

---

**Nan ka sa yo, ou genyen alafwa dwa avèk chwa pou di nou pou:**

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, bon zanmi w yo, oswa lòt moun ki enplike nan swen w.
- Pataje enfòmasyon w nan yon sitiyasyon sekou pandan dezaz.
- Enkli enfòmasyon w nan yon anyè lopital.
- Nou kapab itilize enfòmasyon w nan objektif pou ranmase lajan pou sipòte enstitisyon nou yo, pwogram ak misyon pou bay *swen eksepsyonèl san eksepsyon*, men ou kapab di nou pou nou pa kontakte w ankò. Nou kapab itilize enfòmasyon demografik ou, tankou non, adrès, nimewo telefòn, adrès imèl oswa lòt enfòmasyon lalwa pèmèt, tankou laj, dat nesans, sèks, estati asirans pou sante, dat sèvis yo, sèvis nan ki depatman, doktè k ap trete w, oswa enfòmasyon sou rezilta.

*Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp, si ou pa konsyan, nou kapab avanse epi pataje enfòmasyon sou ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou kapab pataje enfòmasyon sou ou lè gen bezwen pou diminye yon menas grav ak iminan pou sante oubyen sekirite.*

Nan ka sa yo, nou pap janm pataje enfòmasyon sou ou yo sof si w ba nou pèmision alekri:

- Pou rezon maketing.
- Pou vann enfòmasyon sou ou yo.
- Pou pataje pifò nòt sikoterapi w yo.

Itilizasyon nou yo ak Divilgasyon yo

**Kijan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo nòmalmman?**

Nòmalmman, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou yo nan fason ki swiv yo:

<p><b>Trete Ou</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante w yo epi pataje li avèk lòt pwofesyonèl ki k ap trete ou.</li> </ul>	<p><b>Egzanp:</b> Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou yo avèk referans ou oswa doktè swen prensipal.</p>
<p><b>Jere òganizasyon nou</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w yo pou dirije òganizasyon nou yo, pou amelyore swen w epi pou kontakte ou lè nesèsè.</li> </ul>	<p><b>Egzanp:</b> Nou itilize sante enfòmasyon sou ou yo pou jere tretman epi sèvis ou yo.</p>
<p><b>Kontakte ou</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante w pou kontakte w:             <ul style="list-style-type: none"> <li>○ Nan adrès ak telefòn nimewo ou ban nou tankou kite mesaj nan telefòn nan nimewo</li> <li>○ Avèk enfòmasyon sou swen pasyan yo pwoblèm yo, chwa pou tretman, avèk enstriksyon sou swivi pou swen.</li> <li>○ Avèk enfòmasyon ki ka enterese ou ki dekri yon pwodui ki genyen rapò ak sante ouwa sèvis nou bay.</li> <li>○ Nan adrès imèl ouwa lòt enfòmasyon sou kontak ou ban nou pou asiste nou nan aktivite yo ki defini nan Avi sa a.</li> </ul> </li> </ul>	<p><b>Egzanp:</b> Nou kapab kontakte w pou planifye oswa pou anile randevou yo, enskripsyon ouwa pou pan dènye enfòmasyon sou asirans, bòdwo ouwa zafè peman, preparasyon pou pwosedi evalyasyon, sondaj sou satisfaksyon ouwa rezilta tèst yo.</p>
<p><b>Voye bòdwo pou sèvis ou yo</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon enfòmasyon pou voye bòdwo pou sèvis nou te ba ou.</li> </ul>	<p><b>Egzanp:</b> Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou prepare rapò pou voye bay asirans sante w konsènan swen nou ba ou.</p>

**Nan ki lòt fason ankò nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo?** Yo pèmèt oswa egzije nou pou pataje enfòmasyon w nan kèk lòt fason – òdineman nan fason yo ki kontriye ak byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou oblije satisfè anpil kondisyon anba lalwa anvan nou kapab pataje enfòmasyon w nan objektif sa yo. Pou plis enfòmasyon *gade*:

<http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumer/index.html>.

<b>Pou ede sante piblik sante ak sekirite pwoblèm</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou nan sèten sitiyasyon tankou: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ Pou fè prevansyon kont maladi.</li> <li>○ Pou ede nan rapèl pwodui yo.</li> <li>○ Pou rapòte reyaksyon negatif ak medikaman yo.</li> <li>○ Pou rapòte abi oswa abi ki sispèk sou timoun, granmoun aje, oswa moun ki gen andikap.</li> <li>○ Pou anpeche oswa redui yon menas grav pou sante nenpòt moun.</li> </ul> </li> </ul>
<b>Òganize rechèch</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou rechèch yon BMC apwouve Komite Rechèch oswa moun li deziyen an lè pèmision alekri pa egzije pa lwa federal oswa eta a. Sa kapab enkli tou lè y ap prepare pou fè rechèch oswa pale avèk ou konsènan etid rechèch kote ou ta ka enterese.</li> </ul>
<b>Reponn ak deamnn ògàn avèk tisi yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante avèk òganizasyon ki okipe afè donasyon ògàn donasyon ak grèf</li> </ul>
<b>Konfòme avèk lalwa</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• N ap pataje enfòmasyon sou ou si lwa eta ak federal yo egzije li, tankou avèk Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini si li vle pou <i>wè</i> kijan nou ap konfòme nou avèk lwa federal sou konfidansyalite.</li> </ul>
<b>Travay avèk yon medsen lejis oswa direktè ponp finèb</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante avèk yon doktè legal, egzaminè medikal oswa direktè ponp finèb lè yon moun mouri.</li> </ul>
<b>Adrese travayè konpansasyon, lalwa ranfòsman, avèk lòt deamnn gouvènman yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ Pou reklamasyon konpansasyon travayè.</li> <li>○ Pou objektif ranfòsman lalwa oswa avèk yon ofisyèl ranfòsman lalwa.</li> <li>○ Avèk sipèvizyon ajans sante yo sou aktivite lalwa otorize.</li> <li>○ Pou fonksyon gouvènman yo tankou militè, sekirite nasyonal avèk Sèvis Pwoteksyon Prezidansyèl yo.</li> <li>○ Pou enstitisyon koreksyonèl yo oswa ranfòsman lalwa, si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa nan gadavi pou ranfòsman lalwa, pou ba ou swen sante; pou pwoteje lasante ak sekirite pwòp tèt ou oswa lòt moun; pou sante ak sekirite enstitisyon koreksyonèl.</li> </ul> </li> </ul>
<b>Reponn ak pwosè ak aksyon legal yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou reponn a yon tribinal oswa lòd administratif, oswa pou reponn ak yon manda.</li> </ul>

Nan kèk sikonstans, lwa federal entèdi divilgasyon dosye sou itilizasyon sibstans san pèmision alekri. Anplis, nou pral jeneralman mande konsantman w oswa yon lòd jij anvan nou pataje kèk enfòmasyon konfidansyèl konsènan ou tankou: kèk Dokiman Sikoterapi tès VIH oswa rezilta tès yo; Konsantman pou Avòtman; Maladi Seksyèlman Transmisib; Rezilta Tès Jenetik yo; Kominikasyon Travayè Sosyal yo; Konsèy Viktim Vyolans Domestik; Konsèy Viktim Atak Seksyèl;

Nou patisipe nan echanj enfòmasyon sou sante (health information exchanges (HIEs)) tankou avèk Massachusetts Health Information Highway (Mass HIway) ak Epic's Care Everywhere, epi nou bay aksè ak sekirite an tan reyèl ak founisè afile nan BMC ChartLink. Nou itilize HIE yo avèk Charlink kòm yon metòd pou pataje, mande, ak resevwa enfòmasyon elektwonik sou sante avèk lot òganizasyon swen sante yo. Si w genyen kesyon, oswa si w vle renonse nan zafè pataje enfòmasyon ou atravè HIEs oswa ChartLink, kontakte nou lè w itilize enfòmasyon an ki nan dènye paj la.

## Responsablite nou yo

### Ki Responsablite nou genyen?

- Nou oblije dapre lalwa pou konsève konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje w.
- N ap fè w konnen touswit si gen yon vyolasyon ki ta ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou.
- Nou dwe obsève responsablite ak pratik konfidansyalite yo ki dekri nan Avi sa epi ba ou yon kopi Avi a.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou yo apa jan li dekri isit la sof si ou di nou alekri nou ka fè sa alekri. Si w di nou nou kapab, ou gen dwa chanje lide w nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide w.

Pou plis enfòmasyon *gade*: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html).

### Pandan konbyen tan nou konsève enfòmasyon w?

Nou konsève dosye enfòmasyon sou sante an papyè, elektwonik, oswa sou fòm fotografik epi nou konsève yo pandan 20 lane apre egzeyat oswa finisman tretman. Nou konsève lòt dosye yo dapre lwa oswa règleman federal ak leta. Yon kopi direktiv sou jan nou konsève dosye medikal yo disponib sou demann.

### Chanjman nan Tèm Avi sa a

Nou kapab chanje tèm yo nan Avi sa, epi chanjman yo pral aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo Avi a pral disponib sou demann, nan biwo nou, epi sou sitwèb nou.

### *Dat efektif pou Avi sa se Novanm 2019*

Boston Medical Center avèk founisè Boston HealthNet ak Boston Accountable Care Organization pataje enfòmasyon sou sante pou patisipe nan yon sistèm livrezon swen sante entegre epi angaje yo nan aktivite an komen yo tankou egzamine kalite sèvis yo:

Boston Healthcare for the Homeless\*\*\*

Codman Square Health Center\*\*\*

The Dimock Center\*

Dorchester House Multi-Services Center\*\*\*

East Boston Neighborhood Health Center\*

Neponset Health Center\*

Harbor Community Dental Center – Provincetown\*

Geiger Gibson Community Health Center\*

Harbor Community Health Center – Hyannis\*

Harbor Community Health Center – Plymouth\*

Ellen Jones Community Dental Center – Harwich\*

Greater Roslindale Medical and Dental Center\*\*\*

Manet Community Health Center\*\*\*

Mattapan Community Health Center\*\*\*

Holyoke Medical Center/Valley Health Partners\*\*

South Boston Community Health Center\*\*\*

South End Community Health Center\*\*\*

HealthFirst Family Care Center\*\*

Harrington Health System\*\*

South Shore Hospital and Physician Hospital Organizations\*\*

Sturdy Memorial Hospital\*\*

Stanley Street Treatment Health Center\*\*

Upham's Corner Health Center\*

Whittier Street Neighborhood Health Center\*

\*=Boston HealthNet (“BHN”) | \*\*= Boston Accountable Care Organization (“BACO”) | \*\*\*= Both BHN & BACO



**Kontakte  
Nou**

**Kijan pou antre an kontak avèk nou pou** mande yon kopi dosye medikal ou, mande yon amannman\_ nan dosye medikal ou, mande yon divilgasyon kontablite, mande yon restriksyon, mande kominikasyon konfidansyèl oswa pote yon plent

---

**Privacy Office**

Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou reponn a yon tribinal oswa lòd administratif, oswa pou reponn a yon manda.

720 Harrison Avenue / Doctor's Office Building 6<sup>th</sup> Floor

Boston, MA 02118

Office Number: 617-414-1800

Telefòn gratis: 800-586-2627

Imèl: [PrivacyOfficer@bmc.org](mailto:PrivacyOfficer@bmc.org)

---

**Dosye Medikal yo (Pou  
Demann Dosye Medikal  
yo)**

Jesyon Enfòmasyon sou Sante / Depatman Dosye Medikal

850 Harrison Avenue / Basement Yawkey Building

Boston, MA 02118

Nimewo Telefòn Biwo: 617-414-4213